# Qoraqalpog`iston Respublikasi Ekologiya va atrof-muhitni muhafoza qilish bo’yisha davlat qo'mitasi

| | | |
|---|---|---|
| Image not found or type unknown<br>**Djumaniyazov Maqsud Allanazarovich** | Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qor<br>baslıǵı waqtınsha wazıypasın atqarıwshı | |
| | Mánzil: | • 230100, Нөкис қалас<br>гузари номерсиз жа |
| | Telefon: | • 0(361) 224-19-51<br>77 |
| | E-mail: | • rktabiat@exat.uz nu |
| | Qabıllaw kunleri: | • Сарсенби 09:00-13:0 |

| | | |
|---|---|---|
| Image not found or type unknown<br>**Jollıbekov Murat Baxtiyarovich** | Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw<br>baslıǵınıń orınbasarı | |
| | Mánzil: | • 230100, Nókis qalası, Berd<br>nomersiz jay |
| | Telefon: | • 0(361) 224-19-51 0<br>77 |
| | E-mail: | • rktabiat@exat.uz nukus@ |

| | |
|---|---|
| Qabıllaw kunleri: | Sarsenbi 09:00-13:00 15:00-1800 |

**Ózbekstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti.**
**Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti baslıǵınıń Lawazım qaǵıydaları**

I.Ulıwma xalatlar

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti baslıǵı óz jumısı dawamında «Ózbekstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti xaqqında»ǵı xám «Qaraqalpaqstan Respublikasi Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti xaqqında»ǵı Nızamları, basqa qorshaǵan ortalıqtı qorǵawǵa tiyisli Nızam astı xujjetleri, qaǵıydalarına asas shólkemlestirilgen.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komitetiniń baslıǵı Ózbekstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti baslıǵı xám baslıq orınbasarına boysınadı.

3. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumı qararına tiykarlanıp jumısqa tayınlanadı xám bosatıladı.

4. Lawazımı boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti baslıǵı Bas mámleketlik inspektorı esaplanadı.

II. Lawazım májburiyatları.

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti, Kollegiyası, máxalle qorı Keńesi, Mámleketlik ekologik ekspertizası xám ekologik sertifikatı basqaradı. Qaraqalpaqstan Respublikası komiteti menen qala xám rayonlar ara inspekciyaları, tábiyattan paydalanıw ekonomikası, qániygeler, buxgalteriya, nızam, xojalıq jumısları bólimleri, arnawlı bólim xám puqaralıq qorǵaw jumısların muwapıqlastıradı.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında Mámleketlik xám mámleketlik basqarıw organları , puqaralardı óz ózin basqarıw máxelliy organları xám basqa mámleketlik emes kárxanalar menen birgelikde tábiyattı qorǵaw nızamlarına boysınıwı xám korshaǵan

ortalıqtı qorǵaw xám tábiiy resurslardan paydalanıwda tarmaqlarara basqarıwın ámelge asırılıwında mámleketlik qadaǵalawdı ámelge asıradı.

3. Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikalıq-sociallıq rawajlandırıw joybarlar xám dásturlerde jalǵız qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw xám tábiiy resurslardan aqılǵa uǵras paydalanıw siyasatın alıp baradı.

4. Kárxana, mekemeler tárepinen qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw xám tábiiy resurslardan kompleks paydalanıw, saqlaw, qayta islep shıǵarıw uaqtında joybar xám dásturlerdiń orınlanıwın ustinen qadaǵalawdı támiyinleydi.

5. Kárxana, mekemeler xám basqa tábiyattan paydalanıwshılar tárepinen qorshagan ortalıqtı qorǵaw xám tábiiy resurslardan kompleks paydalanıw tarauındaǵı joybarlar ı xám is-ilajları kelisiledi xám orınlanıwı ustinen qadaǵalaw alıp baradı. Normativ xujjetlerdi xám qorshaǵan ortalıqtı pataslanıwshılıq ushın kompensacion tólemler esap-kitabın tastıyıqlaydı xám tábiiy qorshaǵan ortalıqtı xám tábiiy resurslardan paydalanıw tarawında tiyisli ruxsatnamalar beredi.

6. Topıraq, paydalı qazılmalar, suw, atmosfera xawası, ósimlik xám xayuanat dunyasınıń xalatı boyınsha monitoriń juritiliwi muwapıqlastıradı, obektlardıń pataslanıwı analitik qadaǵalaw xám qorshaǵan orta xám tábiyi resurslarǵa ziyanlı tásirler tuwrısında maǵlıwmatlar bankini jaratılıwına metodik basshılık etedi.

7. Jańa (qurılıp atırǵan) obektlardı, tábiyattı qorǵaw obektlerin qabıl qılıw xám iske tusiriw boyınsha mámleketlik komissiyaları jumısında, barshe turdegi faoliyat turleri ushın jer ajıratıw xujjetlerin kelisiwde qatnasadı.

8. Xalıq arasında ekologik bilim xám mádeniyattı asırıw boyınsha ugit xám nasiyat jumısları ámelge asırıladı, jaslar arasında ekologik tálim dárejesin kóteriwge kómeklesedi.

9. Karxanalar xám xojalıq juritiwshi subektlerde tábiyattı qorǵaw nızamlarına boysınıwı juzesinen kompleks tekseriwlerdi shólkemlestiredi xám onı ótkiziliwin qadaǵalaydı.

10. Qaraqalpaqstan Respublikası, qala xám rayon tábiyattı qorǵaw inspekciyaları qániygelerienen óz xızmet wazıypaların orınlamaǵan xalatlar ushın tusindiriwler talap etiledi.

11. Ózbekstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti tárepinen berilgen tapsırmalardı óz uaqtında orınlanıwı, minet xám islep shıǵarıw tártibine qatań boysınıwı xám óz jumıs uaqtınan paydalanıwı kerek.

12. Ózbekstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komitetine Qaraqalpaqstan Respublikasi komiteti tárepinen ornatılǵan tártipte esabat beriliwi shólkemlestiredi xám támiyinleydi.

III. Xuqıqları

1. Qaraqalpaqstan Respublikası qala xám rayon aymaǵında kárxanalarǵa, mekemelerge lawazımlı shaxslarǵa xám fizikalıq shaxslarǵa tábiyattı qorǵaw barasında

kórsetpeler beredi.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası, qala xám rayon aymaǵında karxanalardan Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti xám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵawdıń ekonomikalıq mexanizmini ámelge asırıwǵa qaratılǵan qararlarına tiykar tólew esabatların tapsırıwın xám tólew qarjıların máxelle qorına óndiriliwi boyınsha maǵlıwmatlar talap etiledi.

3. Qaraqalpaqstan Respublikası, qala xám rayon inspektorlarınıń is rejelerin orınlanıwı qadaǵalaw, olardıń esabat jumısların xám inspekcion jumısların jaqsılawǵa salıstırǵanda óz usınısların kiritiw xuqıqına yie.

4. Tábiyattıń pataslanıuı, oǵan jetkizilgen ziyan, resurslardan aqılǵa ugras paydalanılmaǵanlıǵı ushın yuridik xám fizikalıq shaxslarǵa dawagerlik qıladı.

5. Óz vakalatı sheńberinde Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw tarawında xákimshilik juwapkershilik boyınsha xujjetlerdi kórip shıgadı xám Óz R XJxKke tiykar xákimshilik jarima saladı. kelgende xujjetlerdi xuqıqtı qorǵaw organlarına jiberedi.

6. Ózbekistan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti apparatına tábiyattı qorǵaw barasında óz jumısın alıp barıw máqsetinde zárur jaǵdaylar jaratıp beriw ushın murajaat qıladı.

IV.Bilimge qoyılǵan talaplar

1. Ózbekstan Respublikası xám Qarakalpaqstan Respublikası Konstituciyası, Ózbekstan Respublikası Prezidenti xám Joqarǵı Kengesi baslıǵı párman, qararları xám biyliklerin, Oliy Májlis xám Joqarǵı Kenes qararları, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń xám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministler Keńesiniń qaraların, Ekologiya xam qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti xám Qaraqalpaqstan Respublikası komiteti Nızamın xám normativ xujjetler, ÓzR Miynet Kodeksiniń, Qániygelerdi attestaciyadan ótkiziw tártibin, ÓzRXJxKtı, ÓzR Jınayat Kodeksiniń ekologiyaǵa tiisli bólimin, xojalıq jumısların qorshaǵan ortaǵa xám tábiiy resurslarǵa tásiriniń tiykarǵı kórsetkishlerin islep shıǵıp kárxanalardıń xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw imaratlarınıń jumıs texnologiyaların biliwi kerek.

2. Ózbekstan Respublikası Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti xám Q R Ekologiya xám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw komiteti buyrıqların biliwi shárt.

3.Tekseriw nátiyjeleri xujjetlerin xám kórsetilgen kemshiliklerdi saplastırıw boyınsha óz usınısların kiritiwi kerek.

4. Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw boyınsha shıǵarılǵan nızamlarǵa tiykar xákimshilik sharalar kóriwin biliwi kerek. Xuqıqbuzarlıq ushın tuzilgen bayannama, qarardı qatesiz nızam xám nızam astı xujjetlerdi tiykarında toltırılıwın biliwi kerek.

5.Óz jumısı dawamında ilimiy tiykarda paydalanıwı kerek.

6. Óz ustinde bilimin asırıw ushın islewi, ilimiy bilimlerdi asırıwdı óz qániygeligi

boyınsha metodik qollanbaǵa tiykarlanıp jumıs alıp barıu lazım.

V. Kvalifikaciyaǵa talaplar

Joqarǵı maǵlıwmatlı yaki ekolog bolıwı talap etiledi. Ekologiya xám qoshaǵan ortalıqtı qorǵaw tarawında yaki mámleketlik basqarıw organlarında 5 jıldan kem bolmaǵan jumıs stajına iye bolıwı lazım.